



Pou Piblikasyon Imedya: 09/03/2015

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE NOMINASYON NAN ADMINISTRASYON AN

Gouvènè Andrew M. Cuomo jodia te anonse sis nominasyon nan administrasyon li a, ajoute nan efò ekip li a De ekip pou enplemante ajanda fonsè Gouvènè a.

“Pote nouvo talan ak enèji nan administrasyon nou an enpòtan kòm nap travay pou elaji opòtinite pou tout Nouyòkè yo,” Gouvènè Cuomo te deklare. “Gason ak fanm sila yo reprezante sa ki pi bon ak pi briyan nan domèn respektif yo, e mwen fyè pou m akeyi yo nan ekip la.”

Tom Topousis te jwenn nominasyon kòm Konseye Espesyal pou Direktè Kominikasyon ak Direktè redaksyon diskou. Pa twò lontan de sa, li te travay kòm Editè an Chèf Journal Queens ansanm avèk lòt piblikasyon menm jan yo. Anvansa, li te pase plis pase 17 ane nan New York Post, kote li te kouvri gouvènman vil ak eta, transpò ak rekonstriksyon World Trade Center anvan li te vini yon editè politik nan 2010, pandan peryòd sa li te kontwole kanpay prezidansyèl 2012 la. Li te travay tou pou Bergen Record nan New Jersey ansanm avèk plizyè lòt jounal nan Eta New York, sa ki gen ladan jounal Poughkeepsie, Oneonta Star ak Times-Herald Record of Middletown. Mesye. Topousis te etidye antwopoloji nan State University New York nan New Paltz.

Aimee Vargas te jwenn nominasyon kòm direktè Afè Entè-gouvènmantal Downstate, sa ki kouvri Hudson Valley, NYC ak Long Island. Madam. Vargas anvansa te sipèvize afè rejyonal Gouvènè Cuomo nan Hudson Valley e li te travay kòm Direktè rejyonal Empire State Development Mid-Hudson ak Direktè Egzekitif Konsèy Devlopman Ekonomik Rejyonal Mid-Hudson. Madam. Vargas te travay tou nan Ekip Sansibilizasyon kominotè Tappan Zee Gouvènè a e li pral kontinye fè sa nan nouvo wòl li a. Anvansa li te Konseye jiridik nan Depatman Konsèvasyon Anviwonman Eta New York e, anvan, Direktè Finans pou Vil Clarkstown nan Konte Rockland. Madam. Vargas se yon manm nan Komisyon Konsèy Fondasyon Kominotè Rockland e Rockland Economic Development Corporation te rekonèt li kòm yon benefisyè nan prim “40 Anba 40” yo a.

Li te jwenn rekonesans tou nan men Asosyasyon Volontè Ponpye Egzonere Konte Dutchess Prim Patrimwan Panyòl. Madam. Vargas diplome nan S. I. Newhouse Lekòl Kominikasyon Piblik nan Inivèsite Syracuse ak Benjamin N. Cardozo School of Law.

Julissa Gutierrez te jwenn nominasyon kòm direktè adjwen Afè Sikonskripsyon. Madam. Gutierrez anvan sa te travay nan yon kantite wòl nan National Association of Latino Elected and Appointed Officials (NALEO) Educational Fund, pa twò lontan de sa kòm Direktè Pwogram Nasyonal ak Relasyon Kominotè ak Direktè Nòdès pou Angajman Sivik. Li te asistan spesyal pou Komisyone Depatman Jèn Vil New York ak Devlopman Kominotè e li te gen yon long relasyon avèk Lig Anti-Difamasyon, li te okipe plizyè pozisyon ak patisipe nan pwogram la depi li te nan lekòl segondè. Madam. Gutierrez se Prezidan Konsèy New Immigrants Community Empowerment ak yon Manm Konsèy Administrasyon pou Bibliyotèk Piblik Queens. Madam. Gutierrez dekwoche yon bakaloreya nan Inivèsite Delaware ak yon metriz nan Inivèsite Chicago.

Rosemary Powers te jwenn nominasyon kòm Ofisye Anchèf Operasyon pou Depatman Transpòtasyon. Li te travay pi resaman kòm Chèf Kabinè Adjwen ak Direktè Prensipal Afè Gouvènmantal pou Gouvènè Massachusetts Deval Patrick. Anvansa li te travay kòm Chèf Kabinè ak Direktè Afè Gouvènmantal nan Depatman Pwoteksyon Anviwonman nan Massachusetts. Li te travay tou kòm Direktè Afè Gouvènmantal nan Depatman Konsèvasyon ak Lwazi e kòm chèf Kabinè ak Politik e Direktè Lejislatif pou Senatè Jack Hart nan Massachusetts. Li te ko-prezide Ekip Afè Gouvènmantal pou Komite Tranzisyon Majistra Martin J. Walsh. Madam. Powers dekwoche yon metriz nan Administrasyon Piblik nan Inivèsite Harvard John F. Kennedy School of Government ak yon Bakaloreya nan Inivèsite Suffolk.

Tanuja Mohapatra te jwenn nominasyon kòm Direktè Afè Lejislatif pou Depatman Sèvis Finansye. Madam. Mohapatra anvansa te travay kòm Chèf Kabinè ak konseye pou Manm Asanble New York N. Nick Perry, kote li te yon enstriman nan defans dwa pwopriyetè kay yo pandan kriz finansye a, enkli pasaj lejislasyon ki pwoteje konsomatè yo pou yo pa peye frè bankè ki elve. Anvansa, li te travay nan sektè prive a nan domèn E-Discovery ak Jesyon Litij reprezante Konpayi fortune 500 nan sektè finansye a, e li te yon avoka pou Womble Carlyle Sandridge & Rice nan Durham, NC e li te angaje nan litij famasetik. Madam Mohapatra jwenn admisyon I nan 10yèm Distri Jidisyè North Carolina e li gen yon Doktora nan Columbus School of Law nan Inivèsite Catholic ak yon Bakaloreya nan Syans Politik nan Inivèsite Eta North Carolina.

Catherine Youssef Kassenoff te jwenn nominasyon kòm Avoka Spesyal pou Etik, Risk ak Konfòmite pou [Sou-Kabinè](#) Enèji ak Finans. Pa two lontan de sa li te travay kòm Direktè Egzekitif, Avoka Egzekitif ak Alatèt nan. Litij ak Envestigasyon Gouvènman nan

Boehringer Ingelheim Pharmaceuticals kote li te kontwole tout litij Etazini ak envestigasyon gouvènman. Anvan sa li te sèvi kòm Direktè Konfòmite Antrepriz ak Litij nan Edison Learning, Inc. e li te asistan Avoka Distri Etazini nan Distri Lès New York. Madam. Kassenoff gen yon J.D. nan New York University School of Law ak yon A.B. nan Dartmouth College.

###

Wa p jwenn lòt nouvèl nan sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Executive Chamber | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418